



**Orange Township  
Public Schools**  
Orange High School  
**Mr. Jason Belton, Principal**



**Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.**  
**Superintendent of Schools**

**Mr. Anthony Frantantoni, Direktè Asistan-10yèm Ane**  
**Ms. Carrie Halstead, Direktris Asistan-12yèm Ane**  
**Mrs. Kavita Cassimiro, Direktris Asistan-11yèm Ane**  
**Mr. Lyle Wallace, Direktè Asistan-10yèm Ane/ Ed Altènatif**

12 Jen 2020

Chè Paran / Gadyen:

Nan non anplwaye ak elèv Orange High School yo, ansanm ak tout kominote Lekòl Piblik Vil Orange lan, mwen felisite pitit ou a ki rive nan pwèn sa a nan karyè akademik li. Ane sa a pa't tankou okenn lòt, okenn nan nou p'ap janm bliyé'l.

Nou te kòmanse ane lekòl 2019-2020 la avèk anpil eksitasyon. Kòm nou t'ap pwogrese nan premye ak dezyèm sik regilye yo, bagay yo t'ap mache ontijan byen. Nou te pran yon tipòz pou vakans prentan an pou repo ak detant, nou sèlman retounen nan nouvèl ke yon viris ki ka touye moun te afekte yon bon pati nan nasyon nou an. Nou pa't gen okenn lide konbyen lavi nou ta ka chanje. Answit, pandemi COVID 19 la te vin yon reyalye nan New Jersey. Premyèman, nou te oblije anile pwomnad senyò yo nan mwa Mas la. Sa pa't pran anpil tan, nou te fè tranzisyon nan aprantisaj/ansèyman a distans. Senyò nou yo te kenbe fèm malgre tou pou optimize tout posiblite pou yo fini dènye ane yo pandan ke yo t'ap fè fas a defi "nouvo nòm" yo ki devan yo. Pandan ke elèv yo t'ap konplete twazyèm sik regilye a ak resevwa asistans pou desizyon kolèj yo, nou te kenbe espwa pou osi lontan ke nou te kapab pou te fè Fèt/Prom Senyò nou yo. Nou te vle gen yon bèl sware selebrasyon pou elèv House 12 nou yo. Finalman, akòz restriksyon lòd egzekitif Gouvènè Murphy a sou kesyon distans sosyal la, nou te oblije anile Fèt/Prom la pou premye fwa depi tout tan (n'ap sonje, de tout fason). Answit, nou te kòmanse ap panse ak gradyasyon an ak ki fason nou ta ka selebre gradye nou yo. Tanpri kenbe nan tèt ou ke 4 Me 2020 an, Gouvènè Murphy te pwolonje fèmti lekòl ijans la jiska 30 Jen 2020. Menm la ankò, nou te selebre ta senyò nou yo vityèlman kòm senyò sa a rasanble pi gwo montan bousdetid nan istwa Lekòl Piblik Vil Orange ak yon total de plis pase 18,000,000.00 dola. Nou sètènman genyen anpil pou dwe fyè de li.

Mwen kontan pou'm anonse ke **NOU PRAL SELEBRE GRADYE NOU YO**. Klas senyò 2020 nou an merite selebrasyon ki pi bon nou ta ka janm ba yo nan kontrent yo swivan lòd egzekitif aktyèl pou Eta New Jersey a. Sepandan, nou pral òganize yon gradyasyon diferan pase ane anvan yo. Tout rès lèt sa a esplike ki jan nou pral selebre tout elèv ki te travay pou simonte tout obstak ki jete sou wout yo pandan moman sa yo ki pa gen parèy epi yo te ranpli kondisyon ki te nesèsè pou ganye yon Diplòm Lekòl Segondè New Jersey nan Orange High School.

Gradyasyon nou an ane sa a pral vityèl epi yo pral difize li pou lemonn antye yo wè'l Jedi 25 Jen 2020 a 6:00 pm apati de Chèn Youtube Lekòl Piblik Vil Orange lan. Y'ap bay yon lyen pou seremoni gradyasyon nan sit entènèt/wèb Distri nou an, ansanm ak paj Facebook nan Lekòl Piblik Orange nou yo, ak paj Twitter nou yo. Li pral tou devwale sou Comcast Chèn 35 nan Orange, NJ. Sepandan, yon pati nan selebrasyon sa a se kote yo pral filme pwosèsyon gradyasyon kondwi-ppase a pou ke senyòka vizib pou wè yo lèy'ap kondwi pase sou Central

Avenue an. Elèv yo dwe mete abiman espesyal gradyasyon yo ... Nou pral selebre yo pandan ke filme yo lèy'ap pase nan fason sa yo:

Lèt Dradyasyon

Paj 2 sou 2

12 Jen 2020

---

**Pwosesyon pou Kondwi-Pase a pandan ke y'ap filme ak Atant pou Patisipasyon:**

- Pwosesyon gradyasyon an pral fèt Jedi 18 Jen 2020.
- Fanmi ak elèv yo ap rasanble a 4:45 pm sou Central Avenue anfas lari a soti nan Pak Orange lan ki bay fas sou direksyon Wès/West (nan direksyon Walgreens). **Nou espere ke ou rive alè. Anplis de sa, ou DWE rete nan machin ou. Nou pa pèmèt ko-melanje nan nenpòt ki kondisyon. Sonje byen, nou dwe rete an sekirite. Nou espere tou ke genyen mask prezan nan machin ou an. Nou pral montre tout lavil nan Essex County ke nou konnen ki jan yo swiv règleman ak pwosedi yo. Nou mete konfyans nou nan ou pou swiv tout pwosedi yo ke nou mete an plas la.**
- Pwosedi gradyasyon an pral dirije pa Depatman Lapolis Orange.
- Pwosesyon a ap vwayaje (Wès/West) sou Central Avenue an epi fè yon agoch sou Place Carteret la.
- Pwosesyon a pral vwayaje (Sid/South) sou plas Carteret pou 500 pye.
- Apre sa, Pwosis gradyasyon an pral vire adwat sou Clarendon Place (Wès/West).
- Pwosesyon a pral Lè sa a, vwayaje desann Lincoln Avenue (nò) pase Orange High School.
- Finalman, chak machin ap kanpe nan kwen Santral Avenue ak Lincoln Avenue an, gradye a pral bay manm estaf la kwen kat endèks yo te resevwa nan moman distribisyon abimamn espesyal gradyasyon an. Elèv la ap oblije fonetikman eple non yo sou kat sa a anvan yo rive nan pwosis liy-devan an. Manm pèsònèl la pral lè sa a, repte sou radyo ki non Ms. Marcy Thomas pral repe nan mikwofòn lan epi li pral answit anonse gradye a.
- Lè sa a, machin sa a ap kontinye ak Pwosis gradyasyon an nan vire adwat (Ès/East) sou Central Avenue an epi kenbe deplase lwen Orange Preparatory Academy an epi tounen lakay yo.
- Pa gen otomobil ke y'ap pèmèt rete ankò devan OPA a, ni Polis yo p'ap pèmèt okenn kalite kongregasyon nan vwazinaj Orange Preparatory Academy. Tout machin yo ap gen pou yo deplase. Nou pa bay pèmisyon pou kanpe pou soti nan machin pou ka rasanble ak moun.
- Ni elèv yo oswa manm fanmi yo p'ap gen dwa kite machin lan nan nenpòt ki lè nan pwosesyon an.
- Nou pèmèt yon sèl machin pou chak gradye yo patisipe nan kondwi-pase a nan pwosesyon an.
- Ofisye yo pral sou Central Avenue an pou kenbe trafik la k'ap deplase sou tout wout pwosesyon an.
- **Paran nou se youn nan kèk distri ki ap eseye fè yon bagay pou elèv gradye nou yo ki pa nan yon gradyasyon vityèl. Nou dwe respekte direktiv ki etabli nan lèt sa a pou asire sekirite elèv nou yo, fanmi ak anplwaye nou yo. Asire ke mask yo nan tout machin yo.**

Kòm toujou, nou di ou mèsi pou patenarya avèk nou nan edikasyon pitit ou a epi n'ap gade pou pi devan pou selebre avèk ou.

Sensèman,

*Mr. Jason Belton*

Mr. Jason Belton,  
Direktè